

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa sok disebut mahluk sosial (*homosocius*) anu teu weléh butuh jalma lian pikeun lumangsung hirup kumbuhna. Ku kituna manusa bisa hirup dina hiji kelompok anu disebut masarakat sangkan bisa sosialisasi jeung jalma séjénna.

Filsafat mangrupa salah sahiji widang paélmuan anu penting pikeun manusa, Socrates nétélakeun filsafat mangrupa cara mikir jeung ngalenyapan hiji hal anu leuwih jero nepi ka akar-akarna. Manusa miboga poténsi kajiwaan, poténsi pikir, poténsi indrawi, poténsi rasa, jeung poténsi pikeun percaya kana hiji hal (dina Tafsir, 2009, kc. 53). Poténsi-poténsi éta bisa digunakeun tur dimekarkeun pikeun néangan bebeneran sabab bebeneran mah sipatna abadi (Sumardjo, 2000, kc. 4).

Sacara epistemologis, kecap filsafat asalna tina basa Yunani *philosophia*, minangka bentuk jamak tina kecap *philein* anu hartina mikacinta, jeung *shopia* anu miboga harti kawijaksanaan. Jadi, *philosophia* miboga harti mikacinta kawijaksanaan (Poedjawijatna, 1974, kc. 1).

Budaya jeung manusa tangtu dua hal anu teu bisa dipisahkeun. Ayana sakelompok manusa tangtu ayana ogé budaya, hal ieu téh dilantarankeun manusa mah dibéré akal jeung pikir. Nya ieu pisan anu ngabédakeun manusa jeung mahluk séjénna. Sakelompok manusa anu hirup kumbuh babarengan dina hiji lingkungan geus tangtu nyiptakeun budaya sorangan tur ngagunakeun kabudayaanana dina hirup kumbuhna luyu jeung kamekaran jaman.

Unggal sélér bangsa ngabogaan budaya anu has nu ngabédakeun jati dirina jeung sélér bangsa lianna. Bangsa Indonesia salaku bangsa anu miboga rupa-rupa budaya, nya éta salah sahijina budaya Sunda, sakumaha nu kaunggel dina paribasa Sunda “ciri sabumi sadésa”. Ciri husus dina kabudayaan bisa katémbong dina kahirupan anu béda-béda, tapi bisa ogé masarakat ngagem hiji téma budaya anu husus (Koentjaraningrat, 1990, kc. 263).

Sacara étimologis, kabudayaan nurustkeun Koentjaraningrat (1990, kc.12) nya éta asal tina kecap *budhayah*, basa Sansekerta, minangka wangun jamak tina “budi” jeung “daya” anu hartina usaha, tanaga, karep, pikiran jeung perasaan jelema. Sedengkeun harti kabudayaan téh nya éta hasil, tanaga, pikiran, sarta parasaan jelema guna nambahan kasenangan jeung kani'matan jelema ku rupa-rupa akal jelema (Danadibrata, 2006, kc. 108). Kabudayaan téh nya éta kabiasaan anu dipigawe ku hiji kelompok masarakat sarta diwariskeun kalawan turun-turun ti hiji generasi ka generasi sapandeurieunana.

Kabudayaan nya éta sistem gagasan anu dipimilik ku manusa tina hasil diajar sarta ngabogaan unsur-unsur anu nyampak satukangeunana (Koentjaraningrat, 1980, kc.193). Éta unsur-unsur kabudayaan téh nya éta: (1) Sistem religi jeung upacara kaagamaan, (2) sistem sosial jeung sistem kamasarakatan, (3) sistem pangaweruh, (4) basa, (5) kasenian, (6) sistem pakasaban, jeung (7) sistem téhnologi.

Sakabéh manusa tangtu mikaresep sagala hal anu éndah, seni atawa kasenian di luhur kaasup kana unsur budaya anu mangrupa hasil mikir jeung eksperimen manusa dina nyumponan hasrat pikeun nyugemakeun haténa ngaliwatan kaéndahan.

Ki Hajar Dewantara (dina Sulistianto, 2006, kc.2) netelakeun yén seni mangrupa hasil kaéndahan manusa nu bisa méré rasa éndah pikeun jiwa sorangan, ku kituna seni salaku salah sahiji unsur kabudayaan mangrupa hasil ‘eksperimen’ manusa pikeun nyumponan kabutuhannana, tur ngalaman parobahan saluyu jeung hirup kumbuhna masarakat. Seni kabagi lima cabang, nya éta: 1) seni rupa, (2) seni ibing/gerak, (3) seni sora, (4) seni sastra, jeung (5) seni drama.

Ibing kaasup salah sahiji cabang seni, seni sok disebut oge sagala hal anu éndah jeung kasenian mangrupa hasil mikir manusa tangtu miboga kaéndahan. Seni gerak/ibing mangrupa salah sahiji bukti hasil mikir jeung eksperimen manusa pikeun nyumponan hasratna ngaliwatan gerak anu dibarengan ku wirahma sangkan bisa ngahasilkeun gerak anu éndah.

Seni ibing lain saukur seni pintonan, ku ayana parobahan sacara revolusioner ti ritual ka pseudo ritual, tapi jadi mangrupa alat hiburan, interaksi,

jeung sosialisasi pikeun masarakat (Caturwati, 2004 kc.4). Curt Sachs (dina Caturwati, 2004 kc.31) ngungkapkeun yén ibing téh mangrupa bagéan tina seni budaya nu miboga dua fungsi, pikeun tujuan magis jeung tontonan. Sedengkeun nurutkeun Sudarsono (masih dina Caturwati, 2004 kc.32) sacara historis fungsi kasenian ibing dibagi jadi tilu bagéan, nya éta: (1) salaku sarana upacara, (2) salaku hiburan, jeung (3) salaku pintonan.

Urang Sunda minangka salah sahiji sélér bangsa di Indonesia miboga rupa-rupa budaya jeung kasenian ibing nu tepi ka kiwari masih kénéh hirup. Saperti ibing buyung anu mangrupa ibing adat Sunda ti Cigugur kecamatan Cigugur kabupaten Kuningan nu ngagambarkeun paripolah wanoja jaman baheula dina ngala cai, ibing buyung geus hirup kumbuh di masarakat mangabad-abad katukang jadi budaya nu turun tumurun di masarakatna. Buyung mangrupa pakakas nu dijieunna tina tambaga atawa taneuh liket digunakeun ku wanoja jaman baheula keur ngala cai ka walungan, situ, cinyusu, atawa balong pikeun kabutuhan sapopoé. Salian ti buyung, dina ibing buyung ogé digunakeun kendi anu dijieunna tina taneuh lempung.

Ibing buyung dipintonkeun ukur dina upacara adat sérén taun nu diayakeunana unggal bulan Rayagung, sabab ibing buyung mangrupa salah sahiji kasenian nu aya dina upacara sérén taun. Ayana kasenian ibing buyung teu leupas tina maksud jeung tujuan diciptakeunana, Ieu kasenian miboga ajén falsafah anu hayang ditepikeun ka masarakat yén buyung téh lain ukur alat pikeun ngala cai wungkul, tapi kiwari jadi salah sahiji ritual tina sbabaraha runtuyan acara dina upacara sérén taun.

Kasenian Ibing buyung tangtu miboga ajén falsafah nu bisa ditalungtik, lain saukur ngagambarkeun paripolah wanoja jaman baheula dina ngala cai. Aya sababaraha hal nu perlu dipikawanoh ku masarakat ngeunaan ibing buyung, saperti tina pakéanna, gerakna, ogé pakakasna saperti buyung jeung kendi nu mangrupa hal utama nu dipaké dina prak-prakkana.

Panalungtikan ngeunaan ajén falsafah dina budaya geus tangtu réa pisan ditalungtik boh ku lembaga boh ku mahasiswa anu boga minat kana kabudayaan. Skripsi ieu mangrupa hasil panalungtikan ngeunaan ajén-inajén jeung upacara

adat Sunda diantaranya: (1)“Ajen Falsafah Kasenian Wayang Golek”, ku Gun Gun Cahya Gumilar, 2012, (2)“Ajén Falsafah Upacara Sidekah Tutulak Desa Karangtawang”, KecamatanKuningan, Kabupaten Kuningan pikeun bahan pangajaran maca di SMA. Ku Euis Siti Fatimah, 2009, (3)“Ajén Falsafah dina simbol-simbol tradisi hajat makam di kampung Kawunganten Babakan Desa Kawunganten Kecamatan Cikaum Kabupaten Garut (Ulikan Struktural Semiotik)”, Ku Deasy Hapsari Suciati Harsono, 2012.

Luyu jeung hal di luhur, panalungtik miboga karep pikeun ngawanohkeun deui jeung nganalisis ajén falsafahna pikeun masarakat hususna nonoman Sunda. Ku sabab can aya nu ngaguar ngeunaan ajén falsafah dina ibing buyung. Ku kituna perlu ngayakeun panalungtikan anu judulna “Ajén Falsafah Ibing Buyung dina Upacara Adat Sérén Taun Kecamatan Cigugur Kabupaten Kuningan taun 2014 ”.

1.2 Rumusan masalah

Kasenian Ibing buyung mangrupa salah sahiji ritual nu aya dina upacara sérén taun di Cigugur Kabupaten Kuningan. Seni pintonan anu ngagambarkeun paripolah wanoja di Cigugur dina ngala cai make buyung, nu bahanna tina taneuh lempung atawa kuningan. Dumasar kana kasang tukang, disusun rumusan masalah anu dipidangkeun dina wangun patalékan di handap ieu.

1. Kumaha sajarah kasenian ibing buyung?
2. Kumaha prak-prakkan kasenian ibing buyung téh?
3. Pakakas (property) naon waé anu dipaké dina ibing buyung?
4. Aya unsur-unsur budaya naon waé nu nyangkaruk dina ibing buyung di upacara sérén taun?
5. Naon waé ajén falsafah tina unggal pakakas jeung gerak kasenian ibing buyung?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan umum

Tujuan umum anu dipiharep dina ieu panalungtikan téh nya eta pikeun nalungtik kasenian ibing buyung jeung unggal gerak anu aya dina ibing buyung.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun:

1. Sajarah kasenian ibing buyung
2. Prak-prakkan kasenian ibing buyung dina upacara sérén taun
3. Pakakas (properti) anu dipaké dina ibing buyung
4. Unsur-unsur budaya nu nyangkaruk dina ibing buyung di upacara adat sérén taun?
5. Ajén falsafah anu aya tina unggal pakakas jeung gerak ibing buyung

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa mere mangpaat pikeun balaréa, boh mangpaat téoritis boh mangpaat praktis, anu bisa dititénan ieu di handap.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat teoritis tina ieu panalungtikan nya eta pikeun nambahan “elmu pangaweruh ngeunaan budaya jeung kasenian urang Sunda, salah sahijina ibing buyung nu aya dina upacara Seren taun di Cigugur Kabupaten Kuningan.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis anu dipiharep bisa dihontal tina ieu panalungtikan nya éta pikeun media sangkan masarakat Sunda leuwih wanoh kana budayana, utamana kasenian ibing buyung. Ogé bisa mere pangaweruh leuwih jembar ngeunaan sérén taun jeung ajén falsafah nu aya dina ibing buyung sangkan

dirojong tur dimumulé ku masarakat hususna masarakat desa Cigugur Kabupaten Kuningan Jawa barat.

1.4.3 Mangpaat Kawijakan

Mangpaat kawijakan anu dipiharep bisa kahontal tina ieu panalungtikan nya éta, pikeun ngawanohkeun seni jeung budaya anu aya di Kabupaten Kuningan utamana ibing buyung ka balaréa. Ieu kasenian bisa diajarkeun di sakola, sangkan barudak sakola wanoh kana kabeungharan budaya Sunda.

1.4.4 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial

Mangpaat pikeun isu jeung aksi sosial tina ieu panalungtikan nya éta, pikeun media informasi keur ngawanohkeun deui Ibing Buyung ka balaréa, boh masarakat Kuningan boh masarakat ti luar Kuningan. Ieu kasenian ogé bisa dipaké alat pikeun méré nyaho ka balaréa sangkan leuwih ngaraksa jeung ngariksa kasenian Sunda nu aya di kabupatén Kuningan.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu panalungtikan medar ngeunaan léngkah-léngkah jeung gambaran dina panalungtikan. Ieu skripsi disusun jadi lima bab, nya éta ieu di handap,

Dina Bab I dipedar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Dina Bab II dipedar ngeunaan teori-teori nu ngadadasaran panalungtikan, eusina ogé ngabandingkeun sarta matalikeun masalah anu ditalungtik jeung téori-téori nu aya.

Dina Bab III dipedar ngeunaan lokasi panalungtikan, desain panalungtikan, metodé panalungtikan, téhnik panalungtikan, analisis data, sumber data, wangenan oprerasional, jeung instrumen panalungtikan.

Dina Bab IV dideskripsikeun data jeung pedaran hasil panalungtikan anu dipatalikeun jeung téori nu aya dina bab II.

Dina Bab V dipedar ngeunaan kacindekan jeung saran atawa rékomendasi pikeun panalungtikan saterusna.